


SHONA - "Who will deliver me?"

UCHANDISUNUNGURA NDIANI ?

Rimwe Svondo ndakanga ndichiparidza Vangeri, iro Shoko rakaisvonaka, rinoshamisa, mumusha momumwe Ishe wavaSvutu. Vanhu vazhinji, panhu pamwe naShe wavo naVahosi vake, vakanga vakaunganira Shoko raMwari. Munondo weShoko raMwari, unopinza, unocheka kumativi ose, wakabaya mwoyo yavanhu chose.

Mukati mokuparidza kwangu, Vahosi vaShe vakatanga kuchema nokurira zvikuru. Wakasimuka, misodzi ichierara pamatama ake, akadanidzira achiti: "Uchadisunungura ndiani? Dondibetserai! Mwoyo wangu unorwadza zvikuru nokuti ndiri pakutambudzika, nhamo yangu inonzwisa urombo! Ungandibetsera ndiani? Ndiani uchadambura zvisungo namangetani zvezvivi zvandakasungwa nazvo? Ndoitei? Imi mose munondiziva, kuti ndiri Vahosi vaShe, uye kuti ndiri mutezo wesungano yamadzimai. Atova makore ana makumi maviri ane miraudzo ndiri mutezo wekereke, asi nyangwe zvakadaro ndakashayiwa simba rokukurira zvivi. Ndiri mukadzi unosidakwa nedoro, uyezve ndiri muurayi. Maoko angu akasvibiswa nokuita mabasa akaipa – kubvira kubika

KO, UCHANDISUNUNGURA NDIANI?



Uyo, unoita zvivi, ndowadiaborosi. (1 Johane 3:8).

doro, icho chokunwa chakaturwa naMwari. Zvivi zvakandisunga maoko namakumbo, ndiri mubatwi weGehena!"

Wakatanga kuchemzve zvinonzwisa urombo, ndokugara pasi achingoridze mhere, achiti: "Ndibetserei! Ndibetserei! Ndiani uchandisunungura pamangetani awa ezvivi? Ndinoda Mwari, asi zvivi zvakandikurira, zvava kundikwevera kugomba romoto. Ndakauraya dangwe rangu, chikomana. Ndakanga ndinacho pamusana, ndokuputsika, zvandakanga ndabatwa nedoro, musoro wechana ndokupwanyika, kwacho ndokufa. Ndichizopengenuka, wanei dangwe rangu, chimudiwa changu chafa. Dondibetserai, ndisunungurei pamuviri worufu. Tsika dzamadziteteguru edu dzakashayiwa simba, nyangwe kereke yakakoniwa kundibetsera. Ndiani unogona kundibetsera nokundisunungura?"

Ipopo ndakadavira ndichiti: "Rugare kwamuri, mai! Musarasha mwoyo chose! Nhamo yenyu ndeyavanhu vose. Buku yaMwari, kubvira Baiberi, inotipa davidzo inganyaradza mwoyo wenyu. VaRoma 7:15-25 ndiwo mashoko anotiudza pachena kuti hongo, zvirokwasvo, zvivi zvinousa pamusoro pedu, asi anotiratidzawo Musununguri. "Nokuti ndinoziva kuti mukati mangu, imo munyama yangu, hamugari chinhu chakanaka; nokuti kuda kuripo kwandiri, asi kuita zvakanaka hakupo. Nokuti zvakanaka, zvandinoda, handizviiti; asi zvakaipa zvandisingadi, ndizvo zvandinoita. Zvivi, zvinogara mandiri, zvinosakisa kuti ndirambe ndichitadza, uye kuti ndirege kuita zvakanaka zvandinodisa kuita. Nokuti ndinofarira murayiro waMwari nomunhu womukati; asi ndinoona mumwe murayiro pamitezo yangu, unorwa nomurayiro womurangariro wangu, unonditapira kumurayiro wezvivi uri pamitezo yangu." Kuchema kwenyu uku, muchiti: "Ndiri munhu uri pakutambudzika! Ndiani uchandisunungura pamuviri worufu?" Ndokwemwoyo yavanhu vose vose. Kana tichiisa zvichemo zvedu kuna Mwari, tichapiwa davidzo nebetsero.

DAVIDZO


*"Kana mwanakomana achikusunungurai muchava vakasununguka kwazvo."
(Johane 8:36).*

Jesu ndiyo davidzo. Chinyiko chinosisimugumbura? Zivai kuti Jesu ndiyo davidzo kumibvunzo yose. "Nokuti hakuna kuponeswa kuno mumwe; nokuti kahune rimwe zita pasi pedenga, rakapiwa pakati pavanhu, ratingasunungurwa naro, asi zita raJesu." (Mabasa 4:12). Jesu, ndiye oga ungaponeswa pazvivi zvedu. Ropa rake, rakateurwa pamuchinjikwa, ndiro roga ringatinatsa pakusarurama kwose. Hakuna murapi, kana muti, kana nganga; hakuna nyangwe muparidzi, kana muprista, kana kereke ingakuponesai pazvivi zvenyu. Jesu, Gwaiana raMwari, rinobvisa zvivi zvenyika, ndiye oga ungaponesai neropa rake, uye nesimba roMweya wake.

Jesu, Mwanakomana waMwari, wakaburukira pasi kuti asvinudze meso asingaoni, nokubudisa vasungwa patorongo, navagere murima paimba

yokusungwa. (Isaya 42:6,7). Jesu wakati: “Mumwe nomumwe unoita zvivi, ndiye muranda wezvivi, asi kana Mwanakomana (waMwari) achikusunungurai, muchava vakasununguka kwazvo.” (Johane 8:34,36). Jesu ndiyo zvokwadi inosunungura vanhu. (Johane 8:32).

Jesu, Mwanakomana waMwari, wakatakura zvivi zvedu zvose mumuviri wake pamuti. Zvivi zvenyu zvose zvakaroverwa pamuchinjikwa. Zvirokwasvo, wakatakura matenda edu, nokusimudza kurwadziwa kwedu; wakakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, wakarwadziwa nokuda kwezvakaipa zvedu; kurohwa, kwakativigira rugare kwakanga kuri pamusoro pake, takaporeswa namavanga ake. (Isaya 53:3-7).



*Vanosunungurwa nomwanakomana (Jesu) vachava vakasununguka kwazvo.
(Johane 8:36).*

Barabbasi waiva mutadzi, uye wakanga ari murayi wakatotongerwa rufu rwapamuchinjikwa, bva Jesu wakapinda pachinambwe chake, akapiwa muchinjikwa wakambogadzirirwa Barabbasi. Jesu Mwanakomana waMwari, wakaroverwa pamuchinjikwa pachinhambwe chaBarabbasi, pachinhambwe chenye nechangu; murayi wakasunungurwa nokuti mumwe wakamufira. Isu takaita saBarabbasi.

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu, asi chipo chokungopiwa chaMwari ndihwo upenyu husingaperi muna Jesu Kristu. (vaRoma 6:23). Kana muchitarira muchinjikwa nameso okutenda, muchaona samakaroverwapo mumene. Jesu wakakufirai pamuchinjikwa kuti muwane upenyu husingazogumi. Ropa rake rakateurirwa vanhu kuti vawane kanganwiwo. Nokuti Mwari wakada nyika kudai kuti wakatumia Mwanakomana wake, wakaberekwa ari mumwe oga, kuti murege kufa asi muve noupenyu husingaperi.

Vahosi vaShe vakati vanzwisisa mashoko angu ose aya, vakatenda chose

nomwoyo wose ndokuzvikumikidzira kuna lye wakavafirawo pamuchinjikwa, vakabata shoko rokuti mwoyo wangu unganatsawo pazvivi zvole, ndizvo zvakateurirwa ropa raJesu, ndokuzarurira Mwari mwoyo uya wakanga uzere zvivi. Mwari wakaisa mwoyo mutsva mukati make, ndokumuzadza noMweya Mutsvene. Wakamukanganwira zvivi zvole, hongo, bva wakamuitira zvinopfuurisa – wakamuita kuti azova mukundi, zvivi zvikatorerwa simba razvo paari. Zvino ava makore mazhinji, bva nanhasi wakangodaro, mukadzi uya – ane rukundo, nounaki noundere paupenyu kwake hwose. Haachanwi dororo kana zvimwe zvinobata nyangwe, haachasvuti kana kufemba fodya, asi unoshingairira undere nounaki pane zvole. Saka nanhasi unopupurira zvokwadi, kubvira kuti kana munhu ari muna Kristu Jesu, wava chisikwa chitsva; zvinhu zvakare zvapfuura; tarirai zvole zvava zvitsa.” (2 vaKorinte 5:17).

Saizvozvo, nemiwo, muravi wamashoko angu, mungasunungurwa nokutenda muna Jesu Kristu. Inzwai mashoko aJesu: “Uyai kwandiri, imi mose makaneta, makaremerwa, Ini ndichakuzorodza.” (Mateo 11:28). Zviisei kuna Jesu, mumuudze zvole zvinosisvibisa kana kukanganisa upenyu hwenyu. Nyangwe muri kupi, nyangwe muri munhu wakadini, hazvine mhaka, uyai kwaari. Haangamurashiri kunze, kana muchiswewera kwaari nomwoyo wokuzvinipisa nokutenda. Munoti ndiri mutezo wekereke? Hongo hazvo, bva kana makasungwawo namangetani ezvivi, ndinokupai shoko iri: “Uyai kuna Jesu, agokusunungurai kamwe kamwe sezvaaisiporesa vakanga vana maperembudzi, kana kusvinudza vakanga vasingaoni. Jesu Kristu unogara akadaro zuro, nanhasi, nokusingaperi, saka nanhasi unokwanisa kunyaradza mwoyo wounochema, kana kuzarurira unenge akasungwa. lye unokanganwira zvakaipa zvako zvole, unoporesa kurwara kwako kwose.” (Pisarema 103:3).

Pakupedziswa, kana muchizvikumikidzira kuna Jesu, musarega kana kunonoka kuudza vamwe. Kuda vangafarawo kunzwa mashoko okuponeswa kukuru kwakadai. Nesuwo tichifara kunzwa zvomufaro wenyu muna Jesu.

If you have found salvation in Christ, or have been otherwise blessed through our Gospel literature, please let us know. We would like to thank God with you, and remember you further in our prayers.

For **free** Gospel literature, books and tracts in over 540 languages, write to:

E-MAIL: info@angp.co.za

ALL NATIONS GOSPEL PUBLISHERS

P.O. Box 2191, PRETORIA, 0001, R.S.A.

(A Gospel Literature Mission financed by donations)

(Reg. No. 1961/001798/08)